**दिन–मंगलवार** **दिनांक–07.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे देशभरि मे पेट्रोल, डीजल, एलपीजी आ पीएनजी केर आपूर्ति सामान्य बनल अछि। नव दिल्ली मे पश्चिम एशियाक घटनाक्रम पर अंतर–मंत्रालयी संवाददाता सम्मेलन मे पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे कोनहुँ एलपीजी वितरक केन्द्र पर आपूर्ति मे कमीक कोनो सूचना नहि अछि। संगहि सभ पेट्रोल पंप सामान्य रूप सँ चलि रहल अछि आ पेट्रोल आओर डीजल पर्याप्त मात्रा मे उपलब्ध अछि। संयुक्त सचिव जनौलनि जे कुल वाणिज्यिक एजपीजी आवंटन संकट–पूर्व स्तर सभक लगभग सत्तरि प्रतिशत धरि बढ़ा देल गेल अछि। ओ कहलनि जे सरकार पाँच किलोक एलपीजी सिलेंडर सभक बिक्री दुगुना करबाक नव आदेश जारी कयलक अछि। ओ कहलनि जे पाँच किलोवला सिलेंडर केर बारे मे जागरूकता बढ़यबाक लेल ठाम–ठाम शिविर सेहो आयोजित कयल जा रहल अछि।

---

कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ जयपुर मे आयोजित क्षेत्रीय कृषि सम्मेलन कँ संबोधित करैत कहलनि जे खाद्य सुरक्षा सुनिश्चित करब आ किसान लोकनिक आय बढ़ायब सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। ओ कहलनि जे किसान लोकनि कँ सशक्त बनेबा आ हुनका आत्मनिर्भर बनेबाक लेल कृषि मे विविधता आवश्यक अछि। श्री सिंह कहलनि जे प्राकृतिक खेती कँ अपनेबा आ उर्वरक सभक विवेकपूर्ण उपयोग कँ सुनिश्चित करबा पर विशेष जोर देल जयबाक चाही। ओ राज्य सभ सँ मिशन मोड मे किसान पहचान पत्र बनेबाक आग्रह कयलनि।

---

गन्ना मंत्री संजय पासवान कहलनि अछि जे प्रदेश मे शीघ्रहि पचीस चीनी मिल चालू भऽ जायत। शेखपुराक मसौढ़ा गाम मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री पासवान कहलनि जे

एहि संबंध मे मुख्य सचिवक अध्यक्षता मे गठित समिति संबंधित जिलाधिकारी लोकनि कैँ चीनी मिल लेल भूमि उपलब्ध करेबाक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश पश्चिम चंपारण जिला मे विभिन्न विभागीय योजना सभक प्रगतिक समीक्षा कयलनि। बैसक मे ओ योजना सभक कार्यान्वयन तय समय सीमा मे गुणवत्ताक संग सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————

आइ विश्व स्वास्थ्य दिवस अछि। संपूर्ण विश्व मे स्वास्थ्य संबंधी नीक आदतक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक लेल ई दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि बरखक विषय अछि– **स्वास्थ्य के लिए एकजुट, विज्ञान के साथ खड़े रहें।** प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अवसर पर ओहि सभ गोटेक प्रति आभार व्यक्त कयलनि जे दोसर केर सेवा मे अथक परिश्रम करैत छथि आ स्वस्थ्य विश्वक लेल काज करैत छथि। एहि अवसर पर स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्री जे.पी नड्डा सभ डॉक्टर, नर्स आ अग्रिम पंक्तिक कार्यकर्ता लोकनिक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

———————————————————————

सहरसा आ जमालपुरक मध्य मेमू ट्रेन केर आइ सँ परिचालन शुरू भऽ गेल अछि। स्थानीय सांसद दिनेश चन्द्र यादव सहरसा मे आयोजित कार्यक्रम मे ट्रेन कैँ हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि।

———————————————————————

पुलिस महानिदेशक विनय कुमार कहलनि अछि जे पूर्वी चंपारण जिला मे मेथेनॉल सँ बनल शराब पीबाक कारण लोक सभक मृत्यु भेल अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे एहि मामिला मे सभ आरोपिक गिरफ्तारी भऽ चुकल अछि आ पन्द्रह सय लीटर मेथेनॉल बरामद कयल गेल अछि।

—————————————————————————————————

गुरु तेग बहादुर जी महाराजक प्रकाश पर्वक अवसर पर आइ पटना साहिब स्थित तख्त श्रीहरिमंदिर साहिब समेत विभिन्न गुरूद्वारा सभ मे विशेष दीवान सजाओल गेल अछि। एकरा संगहि शबद कीर्तन सँ वातावरण गुंजायमान भऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गुरू तेग बहादुर जीक योगदान कैँ नमन करैत हुनका देशक सभ्यताक एकटा महान आध्यात्मिक व्यक्तित्व जनौलनि।

—————————————————————————————————

मौसम विभाग आइ पटना, मुंगेर, भागलपुर, रोहतास आ कैमूर समेत राज्यक दक्षिणी भाग मे बरखाक संभावना जतौलक अछि। एहि दरमियान किछु ठाम चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ धूल भरल बीहाड़ि चलबा आ ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान जमुई केर चकाई मे सभ सँ बेसी आठ दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। ओतहि, पैंतीस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग भभुआ सभ सँ गर्म स्थान रहल अछि।

—————————————————————————————————

सुपौलक जिलाधिकारी सावन कुमार कर्तव्य मे लापरवाहीक आरोप मे मरौना बाल विकास परियोजना कार्यालय मे कार्यरत महिला पर्यवेक्षिका कल्याणी कुमारी कैँ तत्काल प्रभाव सँ कार्यमुक्त कऽ देलनि अछि।

—————————————————————————————————

बेगूसराय जिलाक चेरिया बरियापुर मध्य विद्यालयक सेवानिवृत्त शिक्षिका कुमारी धर्मशीला विद्यालयक विकास लेल दू लाख एकावन हजार टाकाक राशि प्रदान कयलनि अछि। ओ एकतीस मार्च कैँ सेवानिवृत्त भेल छलीह।

—————————————————————————————————

समाप्त भेल